



Social Security

Vòl Idantite Ak
Nimewo Sekirite
Sosyal Ou

www.socialsecurity.gov

Vòl Idantite Ak Nimewo Sekirite Sosyal Ou

Vòl idantite se youn nan krim ki gaye pi vit nan Lamerik. Yon moun malonèt ki gen nimewo Sekirite Sosyal ou itilize li pou jwen lòt enfòmasyon pèsònèl sou ou. Vòlè idantite yo kapab itilize nimewo ou ak bon kredi ou pou aplike pou plis kredi sou non ou. Answit, yo itilize kat kredi yo epi yo pa peye bòdwo yo. Ou ka pa chèche konnen moun ki itilize nimewo ou jouk lè ou jwenn refi pou kredi, oswa jouk lè ou kòmanse resevwa koutfil kreyansye ou pa menm konnen k ap mande peman pou atik ou pa t janm achte.

Yon moun ki itilize nimewo Sekirite Sosyal ou ilegalman epi ki pran idantite ou kapab lakòz anpil pwoblèm.

Nimewo ou sekrè

Administrasyon Sekirite Sosyal pwoteje nimewo Sekirite Sosyal ou, epi li kenbe dosye ou yo an sekrè. Nou pa bay okenn moun nimewo ou, sof lè lalwa otorize sa. Ou ta dwe pran anpil prekosyon avèk nimewo ou, menm lè yo mande ou li. Ou ta dwe mande pou kisa yo bezwen nimewo ou, kijan y ap itilize li, epi sa k ap pase si ou refize bay li. Repons pou kesyon sa yo kapab ede ou deside si ou vle bay nimewo Sekirite Sosyal ou.

Kijan yon moun ta ka vòlè nimewo ou?

Vòlè idantite yo jwenn enfòmasyon pèsònèl ou lè yo:

- Vòlè bous, valiz ak kourye ou (etadkont bank ak kat kredi, òf kredi ki apwouve davans, nouvo chèk ak enfòmasyon sou taks);
- Vòlè enfòmasyon pèsònèl ou bay nan yon sitwèb ki pa pwoteje nan Entènèt, nan biznis oswa nan dosye pèsònèl nan travay ak enfòmasyon pèsònèl lakay ou;
- Fouye nan fatra ou, fatra biznis ou ak dechaj fatra piblik pou jwenn done pèsònèl;
- Rele ou nan telefòn oswa voye imèl ba ou kòm moun ki bezwen enfòmasyon sou ou legalman, tankou patwon ou oswa mèt kay ou;
- Achte enfòmasyon pèsònèl nan sous “andedan”. Pa egzanp, yon vòlè idantite ka peye yon anplwaye magazen pou jwenn enfòmasyon sou ou ki parèt sou yon aplikasyon pou manje, sèvis oswa kredi.

Pran anpil prekosyon avèk kat ak nimewo Sekirite Sosyal ou

Montre kat ou ba patwon ou lè kòmanse yon djòb pou dosye ou yo ka kòrèk. Bay nimewo Sekirite Sosyal ou ba enstitisyon finansye ou (yo) pou rapòtaj taks. Mete kat ou ak nenpòt lòt dokiman ki montre nimewo Sekirite Sosyal ou sou li yon kote ki pwoteje. Anjeneral, PA mache avèk kat ou oswa avèk lòt dokiman ki montre nimewo ou.

Kisa pou fè si ou panse yon moun ap itilize nimewo ou?

Pafwa, plis pase yon moun itilize menm nimewo Sekirite Sosyal, swa pou yon rezon oswa pa erè. Si ou sispèk yon lòt moun ap itilize nimewo pou li travay, ou ta dwe kontakte nou pou rapòte pwoblèm nan. N ap revize revni ou avèk ou pou asire dosye ou yo kòrèk.

Ou ka revize revni ki endike nan dosye ou nan *Etadkont Sekirite Sosyal* ou (Fòm SSA-7005, ki disponib nan lang Angle sèlman). *Etadkont* lan disponib nan Entènèt pou travayè ki gen laj 18 tan ak plis. Pou jwenn *Etadkont* ou, ale sou Entènèt nan sitwèb www.socialsecurity.gov/mystatement, epi kreye yon kont.

Kisa pou fè si yon vòlè idantite kreye pwoblèm kredi pou ou?

Si yon moun mal itilize nimewo Sekirite Sosyal ou oswa lòt enfòmasyon pèsònèl ou pou kreye pwoblèm kredi oswa lòt pwoblèm pou ou, Sekirite Sosyal pa kapab rezoud pwoblèm sa yo. Men gen plizyè bagay ou ta dwe fè.

Ou ta dwe kontakte Komisyon Federal Komès [Federal Trade Commission (FTC)] nan sitwèb www.ftc.gov/bcp/edu/microsites/idtheft. Oswa ou kapab rele **1-877-IDTHEFT (1-877-438-4338)**; TTY **1-866-653-4261**. Sitwèb FTC se yon sèl resous nasyonal pou

jwenn enfòmasyon sou krim vòl idantite. Li bay enfòmasyon detaye pou ede ou anpeche, detekte vòl idantite ou, epi pou defann tèt ou kont sa.

Ou ka vle kontakte Internal Revenue Services tou. Yon vòlè idantite ta ka itilize nimewo Sekirite Sosyal ou tou pou ranpli yon fòm deklarasyon taks sou revni pou resevwa yon ranbousman. Si vòlè a ranpli fòm deklarasyon taks anvan ou fè sa, IRS ap kwè ou deja ranpli fòm deklarasyon taks ou ak resevwa ranbousman ou si ou kalifye. Si yo vòlè nimewo Sekirite Sosyal ou, yon lòt moun ka itilize li pou jwenn yon djòb. Patwon moun nan ta rapòte revni moun nan touche ba IRS avèk nimewo Sekirite Sosyal ou, pou fè li sanble ou pa t rapòte tout revni ou nan fòm deklarasyon taks sou revni ou. Si ou panse ou ka gen pwoblèm taks paske yon moun vòlè idantite ou, kontakte Inite Pwoteksyon Idantite IRS nan Entènèt sou sitwèb www.irs.gov/privacy/article/0,,id=186436,00.html oswa rele **1-800-908-4490**.

Epitou, ou ta dwe fè yon plent nan Entènèt ba Internet Crime Complaint Center (IC3) sou sitwèb www.ic3.gov.

IC3 bay moun ki viktim sibè-krim nan yon mwayen ki pratik ak fasil pou fè rapòtaj k ap avèti otorite yo pou vyolasyon kriminèl oswa sivil ki sispèk yo. IC3 ap voye chak plent ba ou youn oswa plizyè ajans lapolis oswa ajans kontwòl ki gen jiridiksyon ou zafè a.

Misyon IC3 se pou resevwa, devlope ak voye plent kriminèl konsènan agrandisman rapid defi sibè-krim nan. Pou ajans lapolis ak ajans kontwòl nan nivo federal, eta, lokal ak entènasyonal, IC3 bay yon mwayen santral pou referans pou plen ki konsène krim ki fèt nan Entènèt.

IC3 montre yon patenarya ant Federal Bureau of Investigation (Biwo Federal Ankèt), National White Collar Crime Center ak Bureau of Justice Assistance (Biwo Asistans nan Lajistis).

Ou ta dwe kontwole rapò kredi ou chak peryòd. Rapò kredi gratis disponib sou Entènèt nan sitwèb www.annualcreditreport.com.

Èske mwen ta dwe gen yon nou lòt nimewo Sekirite Sosyal?

Si ou fè tout sa ou kapab pou rezoud pwoblèm nan akòz move itilizasyon nimewo Sekirite Sosyal ou, epi moun nan toujou ap itilize nimewo ou, nou ka ba ou yon lòt nimewo.

Ou pa kapab resevwa yon lòt nimewo Sekirite Sosyal:

- Pou evite konsekans poutèt ou deklare fayit;
- Si ou gen entansyon pou eseye evite lalwa oswa responsablite legal ou; oswa
- Si kat Sekirite Sosyal ou pèdi oswa si yo vòlè li, men pa gen prèv ki endike yon moun ap itilize nimewo ou.

Si ou deside aplike pou yon lòt nimewo, w ap bezwen pwouve laj ou, si ou se yon sitwayen ameriken oswa kondisyon imigrasyon legal ou ak idantite ou. Pou jwenn plis enfòmasyon, mande *Your Social Security Number And Card* (Nimewo ak Kat Sekirite Sosyal Ou, Nimewo

Piblikasyon 05-10002-HC). W ap bezwen bay prèv ki montre ou toujou viktim nan move itilizasyon an.

Toujou sonje yon lòt nimewo p ap pètèt rezoud pwoblèm ou yo. Se paske lòt ajans gouvènman yo (tankou Internal Revenue Service ak ajans veyikil-a-motè) ak biznis prive (tankou bank ak konpayi rapòtaj kat kredi) ap pètèt gen dosye avèk ansyen nimewo ou. Epitou, paske konpayi rapòtaj kredi yo itilize nimewo ou ansanm avèk lòt enfòmasyon pèsònèl ou, pou idantifye dosye kredi ou, itilizasyon yon lòt nimewo p ap garanti yon nouvo kòmansman pou ou. Sa vrè sitou si lòt enfòmasyon pèsònèl ou yo, tankou non ak adrès ou, pa chanje.

Si ou resevwa yon lòt nimewo Sekirite Sosyal, ou p ap kapab itilize ansyen nimewo a ankò.

Pou kèk moun ki viktim nan vòl idantite, yon lòt nimewo ap kreye lòt pwoblèm. Si ansyen enfòmasyon sou kredi a pa asosye avèk lòt nimewo a, absans nenpòt istwa kredi avèk lòt nimewo a ka fè li pi difisil pou ou pou jwenn kredi.

Kontakte Sekirite Sosyal

Pou jwenn plis enfòmasyon ak kopi piblikasyon nou yo, ale nan sou Entènèt nan sitwèb nou an www.socialsecurity.gov, oswa rele gratis nan nimewo **1-800-772-1213** (pou moun ki soud oswa ki mal pou tande, rele nan nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**). Nou trete tout apèl yo an sekre. Si ou pale lang Panyòl, peze 2. Pou tout lòt lang yo, peze 1, rete sou liy lan, epi rete an silans pandan w ap tande yon vwa k ap ba ou enstriksyon otomatik jouk lè yon anplwaye reponn. Anplwaye a ap kontakte yon entèprèt pou ede li avèk apèl ou a. Sèvis entèprèt la disponib pou gratis. Nou ka reponn

kesyon espesifik yo ant 7 a.m. ak 7 p.m., lendi jiska vandredi. Nou kapab bay enfòmasyon nan lang Angle yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Nou vle asire nou tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a ke genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.



Social Security Administration

SSA Publication No. 05-10064-HC

Identity Theft And Your Social Security
Number (Haitian-Creole)

July 2012